**0. 8 классалъул авар адабияталъул т1ехь лъица данде гьабураб?**

**А**. Г. И. Мадиевалъ. **Б**. М. М. Муртазг1алиевас.

**В**. Г1. Г1. Х1ажиевас, Г1. Г1. Г1абдулат1иповас.

**Г**. А. М. Х1амзатовас.

**1. Лъица хъвараб «Суфичи – хиянатчи» абураб асар, «суфичи» абураб раг1ул маг1на?**

**А**. Инхоса Г1алих1ажияс. **Б**. Гьелъул автор гьеч1о.

**В**. Г1алирза Саг1идов. **Г**. Лъаларо.

**2. «Суфичи – хиянатчи» асаралъул жанр?**

**А.** Къиса. **Б.** Поэма.

**В.** Роман. **Г.** Халкъияб асар.

**3. «Суфичи – хиянатчи» асаралъул тема?**

**А.** Инсанасул г1амал - хасият, цо – цо диниял чаг1азул чарлъи каки.

**Б.** Рокьул тема. **В.** Ясалъул Ват1алдехун бугеб рокьи.

**Г.** Гьудуллъиялъул тема.

**4. «Суфичи – хиянатчи» асаралъул идея?**

**А**. Диниял чаг1азда божизе бегьуларо.

**Б**. Мац1азда божизе бегьуларо.

**В**. Ясалъул г1амал – хасият каки.

**Г**. Рит1ухълъиялъ кидаго т1екълъиялда т1ад бергьенлъи босула, гьереси т1атинч1ого хут1уларо.

**5. «Хочбар» абураб коч1олъ гьал раг1аби лъица абурал:**

Аварг1урухъ г1ин бан г1одоб биччараб
Г1анч1аб нилъер улка эркенго теян,
Г1урул чвахиялдае рохел чучураб
Рохалил жамаг1ат жах1абго теян.

**А.** Хочбарица. **В.** Гьидерил жамаг1аталъ.

**Б.** Хочбарил эбелалъ. **Г.** Хочбарил лъадуца.

**6.Сундул чагъана къиреян гьарараб Хочбарида хундерил г1олохъабаз?**

**А.** Махил. **Б.** Нак1к1ил.

**В.** Гьадил. **Г.** Ц1улал.

**7. «Хочбар» абураб асаралъул жанр?**

**А.** Поэма. **В.** Халкъияб кьалул кеч1.

**Б.** Халкъияб рокьул кеч1. **Г.** Маг1у.

**8. «Хочбар» абураб асаралъул тема?**

**А.** Къват1исел тушбабазде данде къеркьей.

**Б.** Рокьул тема.

**В.** Жанисел тушбабазде данде къеркьей.

**Г.** Бечедазул, ханзабазул нахъег1анлъи.

**9. «Хочбар» абураб асаралъулъ лъугьа – бахъин кколеб заман ?**

**А.** 14 в. **В.** 17 в.

**Б.** 8 в. **Г.** 7 в

**10. Хочбарица ханасдаса рец1ел кин босараб?**

**А.** Хан ч1вана. **В.** Гьесул васал ц1адаре рачана.

**Б.** Гьесул оцал хъуна. **Г.** Гьесул бечелъи бикьана.

**11. «Хочбар» абураб асар лъица къач1араб?**

**А.** М. Саидовас. **В.** З. Х1ажиевас.

**Б.** И. Г1алих1ажияс. **Г.** М.Сулимановас.

**12. «Имам Гъазимух1амад ч1ваялде» асаралъул автор?**

**А.** Халкъияб асар. **В.** Бакьагьеч1иса Тажудин.

**Б.** Ч1ик1аса Мух1амад. **Г.** И. Г1алих1ажияв.

**13. Щиб бак1алда ккараб рагъул бицунеб бугеб «Имам Гъазимух1амад ч1ваялде» абураб коч1олъ?**

**А.** Гъуниб маг1арда. **В.** Таргъу маг1арда.

**Б.** Гендерил къварилъухъ. **Г.** Ах1улгох1алда.

**14. Имам Гъазимух1амад Дагъистаналъул чанабилев имам кколев?**

**А.** 1. **В.** 3.

**Б.** 2. **Г.** 4.

**15. «... Шарг1алда рекъараб низам гьабуна »... « низам гьабуна» абураб раг1ул дандбаялъулъ «низам» абураб раг1уе синоним баче:**

**А.** Гаргар. **В.** Тамих1.

**Б.** Г1адлу. **Г.** Г1ахьаллъи.

**16. «Имам Гъазимух1амад ч1ваялде» асаралъул жанр?**

**А.** Кьалул кеч1. **В.** Къиса.

**Б.** Поэма. **Г.** Маг1у.

**17. «Имам Гъазимух1амад ч1ваялде» асаралъул тема?**

**А.** Дагъистаналъул халкъ эркенаб бук1иналъе г1оло г1урусазде данде къеркьезе ккей.

**Б.** Гъазимух1амадил бах1арчилъи.

**В.** Дагъистаналъул миллатазул гъунки, цолъи.

**Г.** Ват1аналде бугеб рокьи.

**18. «Имам Гъазимух1амад ч1ваялде» асаралъул идея?**

**А.** Умумузул тарих лъазе ккола.

**Б.** Ват1ан ц1унизе ккола.

**В.** Дагъистаналъул бат1и – бат1ияб миллаталъул халкъ шариг1аталъулги т1арикъаталъулги цевехъан имам Гъазимух1амадил нухмалъиялда гъоркь Дагъистан капурзабаздаса эркен гьабиялъе г1оло, жидерго рух1алда барахщич1ого, багъулеб бук1ин.

**Г.** Имам к1очене бегьуларо.

19. **Лъил х1акъалъулъ абулеб: «шаг1ирзабазулги шаг1ир, г1акъилзабазулги г1акъил, г1алимзабазулги г1алим» абун?**

**А.** Г1амайкиса Абубакар. **Б.** Инхоса Г1алих1ажияв.

**В.** Расул Х1амзатов. **Г.** Кудалиса Х1асан.

**20. «Философ» - абураб раг1и кинав поэтасул ц1аралда хурхинабизе бегьулеб?**

**А.** Ц1адаса Х1амзат. **В.** Инхоса Г1алих1ажияв.

**Б.** Бакьагьеч1иса Тажудин. **Г.** Хьах1абросулъа Мах1муд.

**21. Гьал раг1абазул автор щив кколев, гьал раг1абазулъ т1анк1азул бак1алда гьениб бук1ине кколеб раг1и лъе:**

Къаси – къадлъи лъач1ого, ч1ух1и, мун сверун лъугьун,-
Сабру кьеги, ……, х1ехьезе г1ат1ахинк1ал.

**А.** Мах1муд. **А.** Ах1мад.
**Б**. Ч1анк1а. **Б.** Мух1амад.
**В.** И. Г1алих1ажияв. **В.** Мух1ама.
**Г.** Халкъияб асар. **Г.** Мух1ума.

**22. Гьал раг1абазул авторасул ц1ар бице, асаралъул ц1ар бице:**

Мун г1адаб бергьараб, г1адлу бит1араб,
Чи бащад гьавулеб щибго бихьич1о,-
Мискин – пакъир, залим, вали, наибги,
Рат1а гьарич1ого, жанир рачунеб.

**А.** Мах1муд **А.** «Гьекъел – мехтел».
**Б.** Ч1анк1а. **Б.** «Ракь».
**В.** Инхоса Г1алих1ажияв. **В.** «Хочбар».
**Г**. Лъаларо. **Г**. «Исрапчиясде».

**23. «Гьекъел - мехтел» абураб асаралъул тема ккола:**

**А**. Инсанасул квешал рахъал, г1амалал, ай гьекъел – мехтел къват1иб ч1вазаби
**Б.** Бог1оллъиялъул адаб - х1урмат гьабизе ккола.
**В.** Хвел – хобалъул пикру гьаби.
**Г.** Лъаларо.

**24. «Гьекъел - мехтел» абураб асаралъул идея ккола:**

**А.** Г1емер кванай черхалъе заралияб буго.
**Б.** Щивав чиясда нахъа буго хвел.
**В.** Гьакълил «баракат» - бокьун г1адаллъи, мехталил «т1ок1лъи» - т1ут1лъун г1адан лъугьин.
**Г.** Мац1ихъанлъиялъ, бугьтаналъ балагьалде рачуна.

**25.Гьаб коч1ол ц1ар бице, авторасул ц1ар бице:**

Апицерзаби руго
Берцинал ясал руго,
Къолеб г1аракъи буго,
Кваналеб чакар буго,
Кеп – къелалда ч1ун руго
Ч1ахъадерил бах1арзал.

**А.** Мах1муд.
**Б.** Ч1анк1а.
**В.** Элдарилав.
**Г.** И. Г1алих1ажияв.

**А.** «Росу берцин» **В.** «Жергъен гьартун ккана».
**Б**. «Исрапчиясде» **Г.** «Гьекъел – мехтел».

**26. Ругъжаса Элдариласул «Росу берцин» абураб коч1олъ рехсолей г1аданалъул ц1ар бице:**

**А.** Х1алимат **Б.** Х1абибат
**В.**Х1аписа **Г.** Хадижат

**27. «Жергъен гьартун ккана» абураб асаралъул жанр:**

**А.** Поэма **Б.** Маг1у.
**В.** Сатирияб кеч1. **Г.** Насих1атияб кеч1.

**28. «Сайгидул Бат1алиде» асаралъул автор:**

**А.** Элдарилав. **В.** Ч1анк1а.
**Б.** Мах1муд. **Г.** Г1анхил Марин.

**29. «Сайгидул Бат1алиде» асаралъул жанр:**

**А.** Сатирияб кеч1. **В.** Ваг1за.
**Б.** Маг1у. **Г.** Рокьул кеч1.

**30. Кинаб рагъулъ ч1варав Сайгидул Бат1ал?**

**А.** Кавказалъул рагъулъ. **В.** Граждан рагъулъ.
**Б.** Япониязул рагъулъ. **Г.** Афгъаназул рагъулъ.

**31. Гьаниб олицетворение бате:**

Хвалчаца лъе маг1у, чоца бай ч1ег1ер,
Ч1ух1араб хъиргъудал хъат т1аса индал.

**32. Гьаниб метафора бате:**

Рак1алъул чаранлъи чи т1аг1аясул,-
Чорхол иях1 хваниги, х1ал лъазе теч1о.

**33. Дандекквей бате:**

Зурма – къолол гьаркьихъе кьурдухъан г1адин,
Г1ищкъуялъ вортулев тунк1ил гьаркьихъе.

**34. «Сайгидул Бат1алиде» асаралъул тема?**

**А.** Рокьул тема **Б.** Божуда рек1к1 гьаби.
**В.** Япониязул рагъде рит1арал Дагъистаниязул къисмат, гьезул къох1ехьей бах1арчилъи.
**Г.** Граждан рагъул тема.

**35. «Талх1атиде» - асаралъул автор:**

**А.** Элдарилав. **Б.** Мах1муд.
**В.** Бакьагьеч1иса Тажудин. **Г.** Халкъияб асар.

**36. «Талх1атиде» - асаралъул жанр:**

**А.** Маг1у. **В.** Хабар.
**Б.** Рокьул кеч1. **Г.** Халкъияб кеч1.

**37. «Талх1атиде» - асар лъил ц1аралдасан хъван бугеб?**

**А.** Авторасул. **В.** Рокьи ккарай ясалъул.
**Б.** Т1алх1атил. **Г.** Росдал жамаг1аталъул.

**38. Гьал раг1абазул автор, асаралде ц1ар?**

Маг1арухъе унел хъах1илал нак1к1ал,
Хъван кагъат босизе рес рекъеларищ?
Хунзахъе щолелъул, Шамалъул гьури,
Гьит1инаб сайигъат т1обит1иларищ?

**А.** Мах1муд. **В.** Расул Х1амзатов.
**Б.** Ч1анк1а. **Г.** Ч1ик1аса Мух1амад.

**А.** «Сайгидул Бат1алиде». **В.** «Т1алх1атиде».
**Б.** «Жергъен гьартун ккана». **Г.** «Росу берцин».

**39. Гьаниб олицетворение бате:**

Маг1арухъе унел хъах1илал нак1к1ал,
Хъван кагъат босизе рес рекъеларищ?
Хунзахъе щолелъул, Шамалъул гьури,
Гьит1инаб сайигъат т1обит1илищ

**А.** Кагъат. **В.** Нак1к1ал, гьури.
**Б.** Сайигъат. **Г.** Маг1арухъе.

**40. Гьаб коч1ол ва авторасул ц1арал рице:**

Х1урупал маг1илал, маг1на г1ищкъуял
Г1ибаратал ана Г1унайзатиде.
Алфазал багьаял, багьа хириял,
Харилъе т1егь г1адал хъвана шиг1раби.

**А.** Мах1муд. **В.** И. Г1алих1ажияв.
**Б.** Тажудин. **Г.** Элдарилав.

**А.** «Хъах1илаб зодихъе баг1арбакъул нур».
**Б.** «Почтовой кагътиде керенги чучун».
**В.** «Рокьул конторалъул кавуги рагьун».
**Г.** «Т1алх1атиде»

**41. Инхелоса Къурбанил «Наибзаби х1елун» абураб коч1ол аслияб пикру щиб?**

**А**. Рокьи каки **Б**. Рагъ каки **В.** Рокьи бецци. **Г.** Рагъде ине гъира базаби

**42.** «**Борхатаб маг1арда», «Г1енекке, йокьулей», «Бахъа, къалам» абурал асаразул автор щив?**
**А.** Мах1муд**.** **Б.** Ч1анк1а. **В.** Инхелоса Къурбан. **Г.** Элдарилав.

**43.** «**Борхатаб маг1арда»** **абураб асаралъул жанр?**
**А.** Маг1у. **В.** Лирикияб кеч1.
**Б**. Поэма. **Г.** Сатирияб кеч1.

**44.** «**Борхатаб маг1арда» абураб асаралъул тема щиб?**

**А.** Вокьулев вас каки. **В.** Рокьуе хилиплъарав васасул х1акъалъулъ бицен
**Б.** Рокьи ккезе бегьуларо. **Г.** Рокьи карай ясалда бугьтанал лъей.

**45.** «**Бахъа, къалам» абураб асаралъулъ къалмиде хит1аб гьабулеб буго:**

**А.** Рокьи ккарай ясалъ. **В.** Авторас.
**Б.** Рокьи ккарав васас. **Г.** Росдал дибирас.

**46. Антитезаян сунда абулеб ?**

**А.** К1иго бич1ч1и данде кквеялда **Б.** Т1абиг1ияб сураталда.

**В.** Сипатияб раг1уда **Г.** К1одогьабиялда.

**47.** «**Бахъа, къалам» абураб асаралъулъ къалмиде хит1аб гьабулеб буго инсанасдехун г1адин. Адабияталда жаниб гьеб къаг1идаялда щибилан абулеб?**
**А.** Метафора. **В.** Олицетворение.
**Б.** Гипербола. **Г.** Аллитерация.

**48. Коч1ол роцен, аллитерация ч1езабе:**

Борхатаб маг1арда т1егь г1адинай дун
Т1убай гьеч1еб рокьул ургъалилъ йиго,
Гъваридал к1к1алабахъ иццг1ан хъах1ай дун
Хъубал бугьтанаца турулей йиго.

**А.** 7 гьижа. **В.** 8 гьижа.
**Б**. 11 гьижа. **Г.** 5 гьижа.

**49. Гьаб куплеталъе сипатияб анализ гьабе:**

Борхатаб маг1арда т1егь г1адинай дун
Т1убай гьеч1еб рокьул ургъалилъ йиго,
Гъваридал к1к1алабахъ иццг1ан хъах1ай дун
Хъубал бугьтанаца турулей йиго.

**50. Гьал шаг1ирзабазул ц1аразда дандрит1ун гьезул росдал ц1арал хъвай:**

Мах1муд _____________ Ч1анк1а ________________
Къурбан ______________ Элдарилав _______________
Мух1амад ____________ Г1алих1ажияв_____________

**51. Нилъер районалъул газеталда ц1ар:**

**А.** «Сапар». **В.** «Х1акъикъат».
**Б.** «Коммунист». **Г.** «Чапар».

**52. Нилъер районалъул газеталъул бет1ерай редактор ккола:**

**А.** Динара Г1умарова. **В.** Париза Гереева.
**Б**. Х1алимат Каримова. **Г.** М. Чупалаев.

**1. Къалухъа Мирза ккола:**

**А**. Маг1арулав. **В.** Табасаранав.

**Б**. Лъараг1ав. **Г.** Лезгияв.

**2. Гьес хъварал асарал ккола:**

**А.** «Г1ашикъ булбул». **В.** «Ханасе жаваб».

**Б.** «Борхатаб маг1арда». **Г.** «Бахъа, къалам».

**3. «Г1ашикъ булбул» асаралъул тема?**

**А.** Рокьул тема.

**Б.** Эркенаб булбулалъулги къваридго бугеб мискинхалкъалъулги г1умру бихьизаби*.*

**В**. Талих1аб, эркенаб г1умру коч1олъ ах1и. **Г.** Лъаларо.

**4. «Ханасе жаваб» асаралъул тема ккола:**

**А**. Рубас жаниблъиялъул бицен гьаби.

**Б**. Жиндирго г1умруялъул сурат кьей.

**В**. Ханзабазул, бегзабазул рах1му гьеч1олъи, халкъалъе зулму гьаби коч1олъ каки.

**Г**. Лъаларо.

**5. «Йирчи» - лъараг1 раг1иялъул маг1на баян гьабе:**

**А**. Мискинчи. **В.** Бесдалав.

**Б**. Коч1охъан. **Г**. Т1адчи.

**6. «Векьарухъанасул кеч1» абураб асаралъулъ бицен гьабулеб буго:**

**А**. Х1алт1улъ талих1 батараб мискинхалкъалъул.

**Б**. Чияр ракьалда бечедазе хайиралъе х1алт1улел рекьарухъабазул г1умруялъул.

**В**. Т1абиг1аталъул. **Г**. Лъаларо.

**7. Ятим Эминил жиндирго ц1ар ккола:**

**А.** Мух1амад. **В**. Мух1амадсултан.

**Б**. Мух1амад - Эмин **Г.** Мирза.

8. **Ятим Эминил т1оцебесеб асар ккола:**

**А.** «Эминил васият». **Б**. «Къват1ул харбал ц1алк1улел херал руччабазде».

**В**. «Кумекалъе ах1и».

**9. Асаралъул ц1ар бице:**

Вацг1аллъи хьихьарал, гьел рет1а – къарал.

Гьез тушманлъун ккурал, - киналго рач1а.

Квешлъи – щурщуралде мугъ рехун ч1арав.

Ч1ух1арав, дун г1адин, къваридав вач1а.

**А**. «Кумекалъе ах1и». **В.** «Векьарухъанасул кеч1»

**Б.** «Эминил васият». **Г.** «Г1ашикъ булбул».

**10. Гьесул асаразул жанрал баян гьаре:**

**А**. Рокьул куч1дул. **Б.** Сатириял асарал.

**В**. Насих1атиял асарал. **Г.** Маг1аби.

**11. Ятим Эмин щиб миллаталъул шаг1ир кколев?**

**А.** Даргиязул **В.** Лезгиязул.

**Б.** Лъараг1азул. **Г.** Маг1арулазул.

**12. Мунги Ах1мадил пасих1лъиялъе къимат кьуна:**

**А.** Мах1мудица. **В.** Гъазахъица.

**Б**. Батирайица. **Г.** Лъаларо.

**13. «Къат1ра рит1ухълъи гьеч1еб панаяб дунял» коч1ол аслияб мурад щиб?**

**А.** Бечедал къват1ир ч1вазари.

**Б.** Социалияб г1уц1иялъе наг1ана кьей.

**В.** Жидерго кьог1аб къисматалда т1ад мискинзаби ургъизе т1ами.

**Г**. Лъаларо.

**14. «Шамилил суд» асаралъул автор, аслияб пикру:**

**А**. Батирай. **Б.** Ятим Эмин.

**В.** Мунги Ах1мад. **Г.** Гъазахъ.

**А**. Такъсиралда рекъараб бук1уна тамих1.

**Б.** Шамилил рит1ухълъи.

**В.** Ват1ан хиралъи, рагъул церехъаби ц1одорал ва сих1ирал рук1ине ккей.

**Г**. Лъаларо.

**15. Асаралъул автор ва ц1ар бице:**

Цоясул месед – г1арац, **А**. И. Къурбан.

Мест1ералгун къебелъи,- **Б**. Я. Эмин.

Къо бух1арав пакъир дун. **В**. М. Ах1мад.

Пахьул баргъич гьабулев. **Г**. Мах1муд.

**16. Т1оцересел букварал, ц1алул т1ахьал басмаялда рахъараб сон:**

**А.** 1917. **В.** 1922.

**Б.** 1923. **Г.** 1921.

**11. Т1оцере драматикиял театрал кир г1уц1ун рук1арал?**

**А**. Мах1ачхъалаялда, Гъизляралда, Хасавюрталда.

**Б.** Хасавюрталда, Ахтиялда, Гъумекир.

**В**. Хьаргабир, Казбекалда, Жунгуталда.

**Г.** Болъихъ, Лъарат1а, Лавашир.

**12. «Айдемир ва Умайгьанат» асаралъул тайпа ва жанр:**

**А**. Драма, комедия.

**Б.** Драма, трагедия.

**В.** Драма, драма,

**Г**. Драма, трагикомедия.

**13. «Айдемир ва Умайгьанат» асаралъул тема:**

**А**. «Кисиниб г1арац бугони, маг1ардаги ах гьабула»

**Б.** Ц1алуде к1вар кьезе ккола.

**В.** Халкъалъул г1аммаб бет1ергьанлъи бикъа – хъамиялдаса ва Ват1ан тушманзабаздаса ц1уни.

**Г**. Бест1ал эбелалъул квешлъи.

**14. «Айдемир ва Умайгьанат» абураб асаралда гьал раг1аби лъица абурал: «Гьабизе лъани квас, квине лъани нах»**

**А**. Асмаца.

**Б.** Умайгьанатица.

**В.** Гъазица.

**Г.** Айдимерица.

**15. Айдемир ва Умайгьанат» абураб асаралда гьал раг1аби лъица абурал:**
«Сельпоялдасаги даим босулелго босулел рук1ун, цощина т1аде – гъоркье жойин ккелебан х1инкъулаха, Гъази».

**А.** Асмаца.

**Б.** Умайгьанатица.

**В**. Гъазица.

**Г.** Симисханица.

**22. Айдемир ва Умайгьанат» абураб асаралда гьал раг1аби лъица абурал:**

«Хамиз сордо кинаб маг1ида бугеб?»

**А.** Асмаца.

**Б.** Умайгьанатица.

**В**. Гъазица.

**Г.** Симисханица.

**23. Айдемир ва Умайгьанат» абураб асаралда гьал раг1аби лъица абурал:**

«Бакъ – моц1 нилъехъан бугони, ц1вабзазул ургъел гьеч1о»

**А.** Асмаца.

**Б.** Умайгьанатица.

**В.** Гъазица.

**Г.** Асиятица.

**24. «Г1умруялъул дарсал» асаралъул жанр:**

А. Кеч1.

В. Къиса.

Б. Поэма. Г. Хабар.

**25. «Г1умруялъул дарсал» асаралъе т1оцебе кинаб ц1ар кьун бук1араб?**

А. «Дир г1умру». В. «Анкьго дарсидаса данде гьабураб поэма».

Б. «Дир дарсал». Г. «Г1умру».

**26. Хъвадарухъабазул т1оцебесеб съезд ах1ана:**

**А.** 1943 с. **В.** 1931с.

**Б**. 1934 с. **Г.** 1932 с.

**27. Дагъистаналъул халкъияв шаг1ирасул ц1ар Ц1адаса Х1амзатие кьуна:**

**А.** 1943 с. **В.** 1931с. **Б**. 1934 с. **Г.** 1932 с.

**28. «Лачен» журналъул бет1ерав редактор:**

**А**. Г1. Мах1амад. **В**. Г1. Даганов.

**Б.** Г1. Камалов. **Г.** Ф. Г1алиева.

**29. «Х1акъикъат» газеталъул бет1ерав редактор:**

**А**. М- Х1. Мах1ат1ов. **В.** М. Патах1ов.

**Б**. Г1. Камалов. **Г.** П. Гереева.

**30. Нужецаго ц1алараб асаралъул ц1ар ва автор хъвай.**

**1. Драмаялъул асаразул аслиял тайпаби рихьизаре:**

**А**. Эпос, лирика, драма. **Б.** Хабар, роман, къиса.

**В**. Драма, трагедия, комедия, трагикомедия. **Г.** Поэма, новелла, элегия.

**2. Асаралъул ц1ар ва автор баян гьабе:**

Г1акълу буго г1адамасул

Г1аданлъи борцунеб жо.

Бит1арабги т1екъабги жо

Жанисан бихьулеб мат1у.

**А.** «Векьарухъанасул кеч1». **В.** «Шамилил суд».

**Б.** «Г1умруялъул дарсал». **Г.** «Васият».

**А.** Йирчи Гъазахъ. **В.** Мунги Ах1мад.

**Б.** Ц1адаса Х1амзат. **Г**. Ятим Эмин.

**3. М. Хуршилов гьавуна:**

**А**. Гъогъолъ. **В.** Гъунив.

**Б**. Гъумекив. **Г**. Хунзахъ.

**4. Гьес кьуч1 лъуна:**

**А.** Авар адабияталъе. **В**. Авар поэзиялъе.

**Б.** Авар прозаялъе. **Г**. Авар драматургиялъе.

**5. М. Хуршиловас хъварал асарал, рат1а росун, хъвай:**

**А.** «Аманат», « 8 марталъ к1одоца ах1араб кеч1».

**Б.** «Сулахъалъ нуг1лъи гьабула», «Базалай».

**В**. «Г1андалал», «К1одоласул ригьин».

**Г**. «Паналъаяб дуниял», «Т1улакьераб борохь».

**6. «Сулахъалъ нуг1лъи гьабула» асаралъул тайпа ва жанр:**

**А**. Драма, трагедия. **В.** Лирика, поэма.

**Б.** Эпос, роман. **Г.** Эпос, хабар.

**7. «Сулахъалъ нуг1лъи гьабула» асаралъул аслияв багьадур щив?**

**А.** Юсуп. **В.** Кузьма. **Б.** Г1умар. **Г.** Г1араш.

**8. «Сулахъалъ нуг1лъи гьабула» асаралъул идея ккола:**

**А.** Рак1бац1ц1адаб рокьи сундасаго т1адег1анаб бук1уна.

**Б.** Дагъистаналда революциялъулаб бич1ч1и бижи, гьелъие халкъазул гьудуллъиялъ гьабураб квербакъи.

**В.** Халкъалъул газа кьурдаги рек1уна.

**Г.** Цолъиялъулъ буго къуват.

**9. Сулахъ сундул нуг1 кколеб?**

**А.** Бечедазул вах1шилъиялъул.

**Б.** Г1умарил нухмалъиялда гъоркь мискинхалкъалъ гьабураб рагъуе нуг1.

**В.** Меседол рит1ухълъиялъул ва Г1умаридехун бугеб рокьул.

**Г.** Лъаларо.

**10. Камилилги Нафисатилги хвалил нуг1 ккола:**

А. Ах1мад В. Мурад.

Б. Хъилич. Г. Юсуп.

**11. «Вац» абураб асаралъул автор:**

**А**. М. Хуршилов. **В.** Ц1адаса Х1амзат.

**Б**. М. Шамхалов. **Г.** Юсуп Хаппалаев.

**12. «Вац» асаралдаса яцалъул ц1ар ккола:**

**А**. Аслипат. **В**. Алипат.

**Б.** Алпият. **Г**. Асият.

**12.«Вац» асаралъул жанр:**

**А.** Къиса. **В**. Хабар.

**Б.** Роман. **Г**. Новелла.

**14. «Вац» асаралъул тема ккола:**

**А.** Вацасе яц йокьи. **Б.** Алипатил адаб буголъи.

**В.** Рак1бац1ц1адаб рокьи сундасаго т1адег1анаб бук1ин, ригьин рокьул кьуч1алда г1уц1изе кколеб бук1ин.

**Г**. Алипат жиндирго талих1алъе г1оло къеркьей.

**15. Асаралъул ц1ар ва автор бице:**

Киг1ан мех бахъаниги,

Халкъалъе г1оло хварав

Г1олохъанчи хут1ила

Хириял назмабазулъ.

**А**. Б. Митаров **В**. А. Аджиев. **Б.** Ю. Хаппалаев. **Г**. М. Шамхалов.

**А.** «Оцбай». **В**. «Устар». **Б**. «Бах1арчиясул куркьби». **Г**. «Халкъияб кеч1».

**16. Гьаб коч1ол роцен ч1езабе:**

Дун хвалил г1орхъода аск1ов вук1ана,

Ват1аналъе г1оло холев вук1ана.

Амма гьебмехалъги дица ах1ана

Дуцаго г1адаб кеч1, х1айранаб булбул.

**А**. 7 гьижа. **В**. 8 гьижа.

**Б.** 11 гьижа. **Г**. 14 гьижа.

**17. Гьаниб дандекквей бате:**

Вохун векьарухъанас

Ракь босана кодобе,

Цинги, бахъухъ г1адинан,

Хъвазабуна к1ут1бузда.

**18. Гьаниб метафора бате:**

Ц1а – баг1араб х1елеко

Буго куркьби хьваг1улеб;

Гьелда т1асанги роржун,

Руччаби релъанхъула.

**19. Гьал мухъал кинаб коч1олъа росарал?**

Буго гьелъулъ г1агарал

Гьал дир муг1рузул къисмат.

Къаникь даим кьижарал

Дир ракьцоязул гьурмал.

**А.** «Оцбай». **В**. «Устар».

**Б**. «Бах1арчиясул куркьби». **Г**. «Халкъияб кеч1».

**20. М. Митаровасул «Устар» абураб асаралъул жанр:**

**А**. Кеч1. **Б**. Хабар.

**Б.** Поэма. **В**. Къиса.

**21. М. Митаровасул «Устар» абураб асаралъул аслияй багьадур Пери ккола:**

**А.** Доярка. **В.** Халичабазул устар.

**Б.** Богогьан. **Г.** Суратч1ужу.

**22. Гьал шаг1рирзабазул ц1аралда дандбит1ун гьезул миллат бихьизабе:**

**А.** М. Митаров. ______________ **В**. Ю. Хаппалаев.__________________

**Б.** А. Аджиев.__________________ **Г**. Ц1. Х1амзат.____________________